

1.Imana Mushoboravyose nishemezwe ku vyiza idahengeshanya dukorera Uburundi n'Abarundi. Turayikengurukiye ko yadushikanye kuri uyu musu Igihugu cacu kirangwamwo Amahoro, Umutekano n'Impore. Tuyikurire ubwatsi mu kuyikomera amashi.

2.Ikigabane nyamukuru c'urubanza rwadukoranije uyu musu, ni ugutanguza icese isekeza ryo kwegeraza intabire abenegihugu. Duhiriwe duhishije, twiyumviye ko iyo ntabire yamaze gushikanwa mu makomine yose, turakeje abagize uruhara muri ico gikorwa ku bukerebutsi bagaragaje.

3.Kera isi itaratituka, Abarundi baramaze imbuto zose badatabiye, bishitse bagatabira na ho, bakikora ku ntabire kama ikomoka ku bitungwa n'ibiterwa. Ico gihe mbere n'ivyimeza vyari vyinshi.

4.Ivyari imagera vyarageruye, intabire ntikiri kirumara gusa, ahubwo ni karahara mu ruganda ntibacura. Ihangiro ryo kuronsa zina murundi wese ivyo ararira n'ivyo araza, umwimbu w'umusesekara umufasha kwikenura no gutegura kazoza, turizeye ku ntabire nziza, imbuto zirobanuye, ubuhinga n'abahinga mu vy'uburimyi n'ubworozi, agacumu k'ubumwe gatanga n'amabanki n'amashirahamwe y'ukuziganya n'ukuguranana, tutibagiye ukujana n'ibihe cane cane kuvomera no kumenya gukabukanya ibiterwa.

Banyakwubahwa mwese, Batumire bahire;

5.Mbega ko mu bihugu vy'ubugaragwa barima bakimbura, vyokwanka gute mu Burundi turonka imvura amezi cumi muri cumi n'abiri agize umwaka, dufise amasoko y'amazi ibihumbi n'ibihumbagiza, imyonga, amariba, inzuzi n'ibiyaga? Intambamyi yonyene ni itituka ry'isi n'ihindagurika ry'ibihe, ivyo na vyo ni ka katavuga kadahenda akavuga.

6.Nk'uko twabishikirije mw'Ijambo rijanye no kwibuka imyaka 58 Uburundi bumaze buhabuje intahe y'Ukwikukira, turashimishwa cane n'agacumu k'ubumwe katanzwe n'Abarundi mu gisata c'uburimi, kugeza n'aho twihingurira intabire y'ikirundi ivanze n'iyikizungu, gutyo tugabanya ku rugero rushimishije ubumara bwonona isi ndimwa, umwimbu n'akanovera k'ibifungurwa birongerekana, amagara y'abantu n'ibidukikije birakingirwa, abarimiye baronka intabire,

ku gihe no ku giciro kitavuna, aborozi baronka isoko y'amase y'ibitungwa yahora abapfako ubusa.

7.Iri sekeza dutanguje uno musu, ni akaryo ko kugabisha inryarya n'abikika mu kiza mu guca amaboko abarimyi, babandi baduza ibiciro vy'intabire babanje kuyinyegeza. Turasavye dushimitse ko abajejwe intwari n'umutekano boba maso kugira icyo nyifato igayitse iranduranwe n'imizi. Abazofatwa bazohanwe bimwe vy'akarorero.

8.Turagabishije n'abajejwe Uburumyi n'Ubworozi ataco bamariye abenegihugu. Ntakinzi tubitezeko atari ukugwiza umwimbu no kubera akarorero abenegihugu mu burimyi n'ubworozi. Ejo ntibaze batubarire ngo ivyanka vyanka imvura igwa.

9. Twashaka no gusubira kwibutsa akamo twateye ku wa 30 Ruheshi 2020, akamo mbere kari katewe n'Imboneza Kizigenza mu Kuzirikana Igihugu, kw'Igenekerezo rya 17 Nyakanga mu mwaka w'2019, muri iki kibanza nyene. Ubushikiranganji bujejwe igisata c'Uburimyi, butegerezwa kurikanura kugira mu Burundi ntihasubire kwinjira intabire irimwo ubumara buhindanya isi yacu, bugasinzikaza n'amagara y'ibinyabuzima.

Banyakwubahwa mwese, batumire bahire ;

10. Barayamaze ngo « Amahasa avyinirwa aho yavukiye ». Aha duhagaze ni ho dukesha intabire isahiriza igisata c'uburimyi mu Burundi kuva mu ntango z'umwaka uheze.

Inyuma yo kwagurwa, kwongereza abakozi, ubuhinga n’umutahe, Ihinguriro ry’intabire ikingira isi n’ibinyabuzima FOMI, rigiye kwongereza umwimbu, rive ku matoni 200 ku musi, rije ku matoni 600 ku musi.

11. Iyo ntambwe y’agaheta izotuma Ikigeka c’Igihugu kiziganya ku mwaka hafi Imiriyoni 75 z’amadorari yahora asohoka mu kugura intabire ihingurirwa hanze, yagira kutuzimba no kutwononera isi n’amagara y’ibinyabuzima.

12. Si ivyo gusa, umugambi wo gushora hanze umusesekara ukomoka kw’iyagurwa ry’ihinguriro FOMI, uzotuma twinjiza mu gihugu imiriyoni zirenga 50 z’amadorari ku mwaka. Umugwizatunga w’ukuri si uwama gusaba amadorari mu mabanki, ahubwo ni uwinjiza menshi mu gushorera hanze ivyo yahinguye, ubuhinga n’umwimbu.

13. Akandi karusho FOMI izaniye Abarundi, ni ukugwiza akazi, uno musi ikaba ikoresha abakozi bagera ku 2300. Ibanki na Asiransi bikomoka kuri FOMI na vyo, bitanguranye abakozi 220, n'ihangiro ry'ugutanga akazi ku bakozi bashika ibihumbi bine mu myaka itatu iri imbere, aho bitegekanijwe ko iyo banki na asiransi bizoba vyashinze imizi mu makomine yose.

14. Dusavye ubushikiranganji bukurikirana ibisata vy'Uburimyi n'ubworozi, Ubutunzi n'ibanki nkuru y'igihugu, n'abajejwe intwaro gufata mu mugongo iyo migambi myiza.

15. Turasavye Urunani ITRACOM, n'ayandi mashirahamwe, ko iruhande y'ugutanga akazi, bokworohereza abanyeshure bimenyereza, mbere babishoboye bagashinga n'amashure yigisha ubuhinga n'ubumenyi bikenewe mu bisata vyabo. Turabasavye kandi gukorana n'amakoperative.

Banyakwubahwa mwese, batumire bahire ;

16. Icivugo Ngenderwako cacu ngo : « **Turikumwe Twese Birashoboka** », ni Icivugo gikomoka kw'Iyerekwana kama ry'Abarundi kuva Uburundi bwitwaga Uburundi, Iyerekwana ry'Ubumwe, Ugufatana mu nda, Urunani mu bikorwa cane cane guhinda ikibiri, gusangira akabisi n'agahiye, gusangira ikivi n'ikigega, gusangira ijambo.

17. Turasavye ko Urunani ITRACOM rwoshigikirwa. Turasavye kandi ko amatongo yasubijwe Reta yohabwa amakoperative, amabanki na yo tuyasaba gushigikira amahinguriro n’abandi bose bagwiza umwimbu n’akazi. Turasavye kandi Abarundi gukerebuka, bwa bwenge n’ubumenyi basokuru bakoresheje mu kubika ibifungurwa imyaka n’imyaka amafirigo ataraza dushaka ko busubira kugaragara mu Burundi.

18. Iryo yerekwa ni ryo ryamukamwo imvugo nziza dusanga mu myibutsa ngo : «Ibisangiye imizi bisangira n’ukwuma», « Imiti ikora ikoranye », « Nyamwigendako ntarimira impeshi », « Umutwe w’umwe ntiwigira inama », « Umwegetsu w’inyakamwe yitako umwikomo hageze kwātira igitiba», canke ngo « Uwo bwahamye ahamiriza ari wenyene », n’iyindi myibutsa ishimangira Ubumwe.

19. Turashimishwa no kubona hariho Abarundi benshi dutera bakitabira, twatamba na ho bakatugumiriza. Erega ntitwocira agati mu ryinyo canke ngo twirye akara, ngo Imana twahaye ikibanza ca mbere iratubona kuko Iyo mana ni Imana ikorana n’abahizi, ari na ho basokuru batwibutsa ngo «Ntawuheka uwutisimbiza», «Imana igira aho imaniye», «Imana ifasha uwifashije ».

20. Turashimiye abo bose bagize uruhara mw’ishingwa ry’iyi ibanki igiye guherekeza abarimyi n’aborozi mu migambi yabo. Turaronse umushinge uremye tugiye kwubakirako iterambere rirama, duhereye mu kuzamura ubutunzi bw’Igihugu, ubwo na bwo mu Burundi bukaba bushingiye ahanini ku burimyi n’ubworozi. Turasavye n’ayandi mabanki gushigikira igisata c’uburimyi.

21. Iki ni ikindi kigabane Uburundi bwanditse mu Gitabu co Gutsimbataza Intahe y'Ukwikukira, no kwerekana ko Abarundi bashoboye gusubira kwigaba bakigaburira nk'uko vyari imbere y'umuzo w'abakoroni.

22. Mu mwaka uheze, igihe Imboneza yacu yadomeka Urumuri rw'Amahoro rugira 13, yaratwibukije ko Uburundi atari igihugu cagenewe gufashwa, ko nyabuna ari igihugu gifise amikoro bantu n'amikoro bintu ahagije, kugira dufashanye n'ibindi bihugu, twubakane twubahana, kurya kw'umugabo amwera ubwanwa uwundi ngo nawe uzobumumwere.
Nkundira tumare umwanya mu gacerere twibuka Imboneza dukeshya vyinshi mu vyo dufise.

23. Itunga nyamukuru ku gihugu no kw'ishirahamwe iryo ari ryo ryose ni abantu. Turasavye abagwizatunga bo mu Burundi kugwiza akazi. Ariko ntibihere aho, batange akazi mu butungane ntangere, kandi bafate neza abakozi mu kubahemba, kubabungabungira amagara yabo n'ayimiryango yabo, kubategekaniriza kazoza no kubakarihiriza ubwenge.

24. Turasavye dushimitse amashirahamwe yishinze gutegekaniriza kazoza abenegihugu kugira umutima runtu, bareke kurondera inyungu z'umurengera, bitwararike ineza y'abantu. Abamaze guhura n'amasanganya murazi ko kuvuzwa canke kusanurirwa ivyononekaye ari umuzi w'ibuye. Ivyo bitegerezwa guhinduka mu maguru masha, kuko muri Reta Mvyeyi dufise ihangiro ryo gukorera abantu bose nk'ivyo twokorera abana bacu bwite.

25. Amabanki n’amashirahamwe atanga ingurane tubasavye kwikebuka bavavanure n’uburyarya. Mbega akamo Sokuru Nkurunziza yabateye ko kugabanya inyungu ku ngurane, no kuzongereza ku mbitso kaciye inyuma y’amatwi? Karashize ingani ngo mube ba ruburakigongwe? Kubera ikiza-karanda Korona, igisata c’ingenzi, cane cane amahoteri carasinzikaye. None ni kuki amabanki atobangira ku ngurane yahaye amahoteri nk’uko mu bindi bihugu vyagenze?

26. Ikindi twashaka gusaba abagwizatunga bose, ni ukwitwararika kuriha amakori, gukingira ibidukikije no guterera agacumu k’ubumwe mu bindi bisata nk’indero n’inyigisho, inkino n’ukwinonora imitsi, amagara y’abantu, ubushakashatsi n’ibindi. Turasavye ihinguriro FOMI gufata iya mbere mu kugwiza imbuto zirobanuye, kuko intabire yonyene ntikwiye hatabonetse imbuto zirobanuye ku barimyi.

27. Barayamaze ngo « Uwabaye mwiza aba muzima », turabasavye gufata ukuboko abandi, mubigishe gushinga no gutunganya amahinguriro n’amashirahamwe yabo. Nkako, ivyo gukora ni vyinshi ariko benshi bicwa n’ukutamenya.

28. Ntitwokwirengagiza gukebura abafashe inzira ya hafi yo kwigana ivyo abandi bakora. Turetse ko iyo ngendo ihanwa n’amategeko mu Burundi n’ahandi, « Ingendo y’uwundi iravuna », kandi « Ingiri igira nk’iyindi ikavuna ibano nk’iyejo ».

29. Tuboneyeho no kumenyesha kandi ko tutazohengeshanya gutera iteka abatera iteka Uburundi mu kubafata mu mugongo, kubashimira ku mugaragaru no mu kubitirira Ibibanza kugira ubuhizi n’ubutore vyabo bibere akarorero abandi.

30. Dusozerereye dukura ubwatsi ko mwatugabiye kandi twiyemeje ko tuzobokorera. Ni kuri iyo ngingo yo gutera intege abahizi no gukenguruka, dusozerereye Ijambo ry'uno musu, tunamenyesha ko dutanguje icese isekeza ryo kwegera intabire abenegihugu, no gutanguza icese ibikorwa mw'Ihingiruriro FOMI ryagutse, kuri iri genekerezo rya 15 Nyakanga 2020.

**IMANA IHEZAGIRE UBURUNDI N'ABARUNDI BAYISHIZE IMBERE
MURI VYOSE NA HOSE.
MURAKOZE!**